**ÓZBEKSTAN KÁSIPLIK AWQAMLARÍ FEDERACIYASÍNÍŃ QARAQALPAQSTAN KEŃESI ATQARÍW KOMITETI, QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI DENSAWLIQTI SAQLAW MINISTRLIGI, QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ SPORT MINISTRLIGI, ÓZBEKSTAN JASLAR ISLER AGENTLIGI QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ BASQARMASÍ**

# QOSPA QARARÍ

## "Bes baslama olimpiadası" sheńberinde Qaraqalpaqstan Respublikasi Densawlıqtı saqlaw ministrligi sistemasındaǵı xızmetkerleri arasında "Salamat denede – sapalı medicina" súreni astında Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyası kubogi sport jarısların ótkeriw haqqında

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 28-yanvardaǵı PF-60-sanlı Pármanı menen tastıyıqlanǵan "2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyası" 67-maqsetinde belgilengen wazıypalardı ámelge asırıw, dene tárbiya hám sport penen turaqlı shuǵıllanatuǵın puqaralardıń sanın asırıw, medicina mákemeleriniń xızmetkerlerin sport ilajlarına keńnen qamtıw, olar arasında jarıslar shólkemlestiriw, sport infrastrukturasın jaqsılaw hám zárúr sport inventarları menen támiyinlew, xızmetkerlerdiń fizikalıq belsendilik dárejesin asırıw, medicina mákemelerindegi sport sekciyaları hám dógereklar jumısların rawajlandırıwǵa kómeklesiw, medicina xızmetkerleriniń bos waqıtlarında sport penen shuǵıllanıwları ushın qolaylı sharayatlar jaratıw maqsetinde Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi, Qaraqalpaqstan Respublikasi Densawlıqtı saqlaw ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikasí Sport ministrligi, Ózbekstan jaslar isler agentligi Qaraqalpaqstan Respublikasí basqarması **qarar etedi:**

**1. Tómendegiler:**

**"Bes baslama olimpiadası"** sheńberinde Qaraqalpaqstan Respublikası den sawlıqtı saqlaw ministrligi sistemasındaǵı medicina xızmetkerleri arasında "Salamat denede – sapalı medicina" súreni astında sport jarısların ótkeriw haqqındaǵı Nızamı ***1-qosımshaǵa*** muwapıq;

"Salamat denede – sapalı medicina" súreni astında sport jarısларınıń (keyingi orında- jarıslar) ótkeriw boyınsha Shólkemlestiriw komiteti ***2-qosımshaǵa*** muwapıq tastıyıqlansın.

**2.** Jarıslar sporttıń mini-futbol, shaxmat, shashka, stol tennisi hám voleybol túrleri boyınsha (rayon) qala basqıshı **2026-jıl 7-15 aprel kúnleri**, **Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshı 24-aprel kúni** shólkemlestirilsin.

**3. Qaraqalpaqstan Respublikasi Densawlıqtı saqlaw ministrliginińe:**

мedicina mákemeleriniń xızmetkerlerin sport jarıslarında belsene qatnasıwı, olardıń salamatlıǵın tastıyıqlawshı medicinalıq juwmaǵına iye bolıwıları hám hár bir qatnasıwshılardıń sport kiyimleri menen támiyinlengenin qadaǵalaw;

qatnasıwshılardıń sport jarısları bolıp ótetuǵın orınǵa jol háreketi qáwipsizligine itibar bergen halda óz waqtında jetip keliwin támiyinlew wazıypaları júkletilsin.

**4. Qaraqalpaqstan Respublikası Sport ministrligine:**

mákeme hám shólkemler menen birgelikte sport jarısları bolıp ótetuǵın orındı anıqlaw hám tayarlaw;

tájiriybeli tóreshilerdi qamtıǵan halda jarıslardıń ádil ótkeriliwin támiyinlew;

sport jarıslarına ataqlı sportshılar hám sport ustaların mirát etiw;

juwaplı mákemeler menen birgelikte jámáátlik qáwipsizligin, sondayaq, náwbetshi medicina xızmetin támiyinlew ilajların kóriw;

jarıslardıń juwmaqlawshı basqıshında sıylıqlanatuǵın hám jeńimpazlardı qımbat bahalı sawǵalar menen sıylıqlaw wazıypaları tapsırılsın.

**5. Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesine:**

sport jarıslardıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshında jeńimpazlardı qımbat bahalı sawǵalar menen sıylıqlaw;

**Ózbekstan densawlıqtı saqlaw xızmetkerleri kásiplik awqamı Qaraqalpaqstan Respublikası keńesi** hám baslanǵısh shólkemleri sport jarıslarınıń (rayon) qala basqıshı jeńimpazları hám sıylı orın iyelerin sıylıqlaw qárejetlerin qaplaw wazıypaları júklensin.

**6. Ózbekstan jaslar isler agentligi Qaraqalpaqstan Respublikasí basqarmasına:**

jarıslardı medicina xızmetkerleri hám shıpakerler arasında sport túrleri boyınsha keń úgit-násiyatlaw jumısların shólkemlestiriw;

jarıslardı shólkemlestiriw boyınsha baylanıslı videorolikler tayarlaw wazıypaları júkletilsin.

**7.** Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi, Qaraqalpaqstan Respublikasi Densawlıqtı saqlaw ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Sport ministrligi hámde Ózbekstan jaslar isler agentligi Qaraqalpaqstan Respublikasí basqarmalarınıń jergilikli bólimleri **3 kún múddette** usı qarardan kelip shıǵıp, sport jarıslarınıń jergilikli basqıshların óz waqtında, sapalı hám keń kólemde ótkeriw maqsetinde óz qararları qabıl etilsin.

**8.** Respublikalıq Shólkemlestiriw komitetine usı qaspa qarar menen tastıyıqlanǵan Nızamǵa jarıstı ótkeriwge baylanıslı zárúr ózgertiw hám qasımshalar kiritiw wákilligi berilsin.

**9.** Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi, Qaraqalpaqstan Respublikasi Densawlıqtı saqlaw ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Sport ministrligi hámde Ózbekstan jaslar isler agentligi Qaraqalpaqstan Respublikasí basqarmalarınıń jergilikli bólimleri jarıs processleri boyınsha videorolikler tayarlaw hámde jarıslardıń barlıq basqıshların Respublikalıq hám jergilikli televidenieler arqalı keń jarıtılıwın shólkemlestiriw usınıs etilsin.

**10.** Usı qarardıń orınlanıwın támiyinlew Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi baslığınıń orınbasarı M.Daniyarov, Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministri orınbasarı T.Sarbaev, Qaraqalpaqstan Respublikası Sport ministri orınbasarı A.Qalbaev, Ózbekstan jaslar isler agentligi Qaraqalpaqstan Respublikasí basqarması baslığınıń orınbasarı M.Tursınovlarǵa júkletilsin.

**Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi baslığı** **U.Jalmenov**

Nókis qalası
2026-jıl 26 mart, 3-28 ,54-san

**Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministri** **M.Kurbanov**

Nókis qalası
2026-jıl 30 mart, 01/02-san

**Qaraqalpaqstan Respublikası Sport ministry** **E. Qutıbaev**

Nókis qalası
2026-jıl 27 mart, 01-14/27-san

**Ózbekstan jaslar isler agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması baslığı** **P.Maxsetbaev**

Nókis qalası
2026-jıl 27 mart, 01-06/04-san